



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO PREVWA KE PLIS PASE 200,000  
ESPEKTATÈ PRAL PATISIPE NAN CHANPYONA PGA 2019 LA NAN  
BETHPAGE BLACK**

**Yo Prevwa Ke Enpak Ekonomik Chanpyona an ap Depase 120 Milyon Dola**

**Plis Pase 1,100 Travay A Plen Tan ak A Tan Pasyèl Te Deja Kreye Kòm Yon  
Rezulta Chanpyona PGA a**

**Evènman an Pral Pwomouvwa Endistri Touris ak Agrikilti New York La**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo prevwa ke plis pase 200,000 espektatè pral patisipe nan 101yèm Chanpyona PGA an nan Pak Eta Bethpage nan Farmingdale. Yo prevwa ke evènman tout yon semèn lan, k ap fèt soti 13 pou rive 19 Me, pral gen yon enpak ekonomik ki estime a plis pase 120 milyon dola nan reyon an epi li pral gen manje ak bwason ki soti nan endistri agrikilti Eta a sou tèren an. Plis Pase 1,100 travay a plen tan ak tan pasyèl te deja kreye kòm yon rezulta Chanpyona PGA a.

"New York fyè pou l organize Chanpyona PGA 2019 la nan Bethpage Black e akeyi plis pase 200,000 vizitè ki soti toupatou atravè mond lan pou wè tout sa New York gen pou ofri", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Patenarya sa a ak PGA deja kreye travay epi li pral jenere atansyon medya entènasyonal epi bay yon bourad ekonomik empòtan nan kominote ki ozalantou yo, k ap batì sou travay kontinyèl nou pou etabli New York kòm yon destinasyon prensipal pou fanatik espò yo."

"Yo prevwa ke Chanpyona PGA a pita nan mwa sa a ap atire dè santèn de milye vizitè nan New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Nou fyè pou organize tounwa ane sa a nan Park Eta Bethpage, ki ap kreye travay e ke yo atann aske li abouti a yon enpak ekonomik projte ki plis pase 100 milyon dola. Nou remèsye PGA of America e swete fanatik espò atravè mond lan labyenveni nan evènman tout semèn lan k ap ekspoze sa ki pi bon ke Eta New York la gen pou ofri."

**Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare**, "Mwen kontan anpil pou akeyi Chanpyona istorik PGA a nan Konte Nassau pou premye fwa nan istwa tounwa an. Chanpyona a te deja pote pou reyon nou an yon bourad ekonomik ki depase 100 milyon dola, sa ki kreye plis pase 1,100 travay a plen tan oswa a tan pasyèl. Konte Nassau pare e an kowòdinasyon konplè avèk patnè eta ak lokal yo pou asire ke Chanpyona a dewoule san pwoblèm epi san danje".

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk la Steve Bellone te deklare**, "Pa gen okenn lòt reyon nan peyi a ki ka vante ke yo organize U.S. Open ak Chanpyona PGA yon ane apre lòt.

Long Island garanti repitasyon li kòm youn nan vrè mèk gòlf nenpòt kote nan peyi a, san mansyone prèske 100 milyon dola ki te jenere nan enpak ekonomik ki pral benefisyé Konte Nassau ansanm ak Suffolk yo. Mwen remèsyé Gouvènè Cuomo ak Chanpyona PGA a pou patenarya yo nan preparasyon pou òganize evènman espòtif klas mondal sa a".

Anplis de omwen yon enpak ekonomik 120 milyon dola, plis pase 1,100 travay a plen tan oswa a tan pasyèl te déjà kreye kòm yon rezulta Chanpyona PGA a. Prèske 3,600 volontè ki soti nan 45 eta ak 20 peyi ap ede tou nan operasyon jeneral evènman an. Chanpyona PGA a pral gen yon anprent mondal masiv, avèk 200 peyi k ap difize tounwa a nan plis pase mwatye yon-milya fwaye, epi li pral kouvri pa 1,000 reprezantan medya sou-plas.

Avèk dat wiken yo ki déjà fè vant konplè, plis pase 200,000 espektatè ki soti nan tout 50 eta yo ak 45 peyi diferan yo atann pou yo desann sou Bethpage Black pou gade konpetitè gòlf pwofesyonèl ki pi fò yo k ap jwe pou Twofe konvuate Wanamaker an.

Malgre vant konplè tout tikè tout-semèn ak wiken lan, rete yon kantite limite tikè pou yon sèl jou pou Lendi jiska Vandredi Chanpyona PGA a. Fanatik yo ka achte tikè yo [isit la](#). Jwenn plis enfòmasyon sou Chanpyona PGA 2019 la [isit la](#).

Chanpyona PGA a ofri tou yon opòtinite pou pwomouwa kèk nan endistri eta a. I LOVE NY ak Pak Eta New York yo (New York State Parks) pral òganize "Eksperyans Eta New York" (New York State Experience) nan Zòn Fanatik yo pou pwomouwa tèren siperyè eta yo, vakans gòlf, ak opsyon vwayaj yo. Sou tèren a, espektatè yo ka vizite konsesyon Taste NY la, ki sitiye nan twou 14, ki pral gen manje ak bwason soti nan Long Island ak toupatou nan eta a. Meni an pral enkli goute a anpòte, tankou tchips pòmdetè North Fork (Cutchogue, NY) ak bonbon nwa & blan ki soti nan Beigel's Bakery (Brooklyn, NY), osi byen ke espesyalite klasik New York ki fèt ak engredyan lokal, tankou Beef on Weck, Southern Tier Spiedies ak plat fwomaj Eta New York. Li pral ofri tou byè atizanal ak diven ki soti atravè Eta a.

Pou kontinye ankouraje endistri bwason atizanal New York k ap grandi a, Taste NY te asosye avèk Fondasyon Diven ak Rezen Eta New York (NYS Wine and Grape Foundation) ak Opichi Distributing pou mete aksan sou diven New York yo nan zòn ospitalite Wanamaker Club la pandan tounwa an. Anplis de sa, Fondasyon Diven ak Rezen New York ap òganize degistasyon diven New York yo nan Chase Sapphire Lounge la nan lè ki seleksyone.

**Komisè Pwovizwa Pak Eta New York yo, Erik Kulleseid te deklare**, "Nou akeyi jwè gòlf yo, espektatè yo ak telespektatè yo toupatou nan mond lan pou fè eksperyans kèk nan gòlf ki pi bon ak pi difisil, isit la nan etablisman publik eksepsyonèl nou an, Pak Eta Bethpage. Nou pwomèt tout moun ki pral nan Long Island pou konpetisyon an ap jwi ospitalite san parèy, ki se yon karakteristik eta nou an ak sistèm pak nou an".

"Etwal yo te vrèman aliyen pou 101yèm edisyon Chanpyona PGA sa a jan nou gen patnè enkwayab nan Pak Eta New York State yo, Konte Nassau ak Suffolk yo, Lapolis Eta New York, Transpò Metropoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)/LIRR, ak pi bon teren gòlf publik nan mond lan - Bethpage Black", **Seth Waugh**,

**Direktè Egzekitif Jeneral PGA of America a te di.** "Nou te kontan pou chanjman nou pou Me ki te pwouve gen menm plis chanse kòm fanatik yo gade anvè Bethpage Black pou wè pi gwo jwè yo nan mond lan, chanpyon antit nou an Brooks Koepka ak chans Tiger pou l'genyen pwochen Major an".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian Howard Zemsky te deklare,** "Nou akeyi Chanpyona PGA an ak fanatik li yo nan Pak Eta Bethpage la, pak pitorèsk Long Island la, e mwen espere ke kouvèti mondal evènman an, ki montre tout sa eta nou an gen pou ofri, ap ankouraje menm plis vwayajè konsidere planifye yon vakans nan Eta New York".

**Komisè Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets), Richard A. Ball te deklare,** "Nou kontan anpil pou evènman sa a, ki bay rejyon an yon bourad ekonomik epi ki bay patnè Taste NY nou yo yon opòtinite pou yo atenn plizyè santèn milye vizitè ak espektatè, k ap ouvri nouvo mache pou pwodiktè manje ak bwason Eta New York yo ki gen pwodwi yo pral ekspoze nan konpetisyon an. Nou remèsyé Gouvènè a ak patnè nou yo dèské yo ede nou mete aksan sou sa ki pi bon nan New York".

**Senatè Kevin Thomas te deklare,** "Pi bon jwè gòlf yo nan mond lan gen pou konvèje sou Bethpage Black. Sa vle di yon gwo obèn ekonomik ak jiska 200,000 moun pare pou swiv favori yo toutolon tèren a. Chanpyona PGA a pral pote plis pase 1,000 travay ak plis pase 100 milyon dola nan rejyon an. Pandan ke yo nan Long Island, envite nan Pak Eta Bethpage yo pral pote tou yon bourad nan endistri ospitalite ak restoran yo. Gwo gayan an se biznis lokal yo lè n ap òganize yon gwo evènman espòtif nan lakou nou an".

**Manm Asanble a Chuck Lavine te deklare,** "Pou anpil ane Bethpage Black la te sit chanpyona istorik epi Bethpage, Long Island te gen je mond lan sou peyisaj li an pou tout bon rezon yo. Li gratifyan antanke moun New York ak yon Reprezantan Eta New York la pou akeyi 101yèm Chanpyona PGA a nan Pak Eta Bethpage ankò ane sa a".

**Sam Filler, Direktè Egzekitif Fondasyon Diven ak Rezen New York la (New York Wine and Grape Foundation), di konsa,** "Nou kontan pou nou fè pati Chanpyona PGA a ak opòtinite pou dè milye vizitè dekouvri pi bon jaden rezen ak pwodiktè Eta New York yo gen pou ofri! Nou paka tann pou ekspoze yon seleksyon diven ki ekselan ak varye de manm nou yo".

### **Konsènan Chanpyona PGA a**

Chanpyona PGA a se sèl major tout-pwofesyonèl nan gòlf maskilen an. Li te kòmanse an 1916, jis kèlke mwa apre nesans PGA of America, e reyini chak ane 100 meyè jwè yo nan klasman Ofisyèl Mondyal Gòlf yo nan tout Chanpyona gòlf yo.

### **Konsènan PGA of America**

PGA of America an se youn nan pi gwo òganizasyon espò nan mond lan, ak prèske 29,000 pwofesyonèl ki travay chak jou pou ogmante enterè ak patisipasyon nan jwè gòlf la. Pou plis enfòmasyon sou PGA of America, vizite [PGA.org](http://PGA.org), swiv [@PGA](https://twitter.com/PGAOrg) sou Twitter, epi jwenn nou sou [Facebook](https://www.facebook.com/pgafoundation).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)